

Èske w Kapab Jwenn?



Jwè 1-4

Laj 3+


5-10 min

OBJEKTIF


Pou jwenn yon kat an patikilye byen rapid.

KAT POU ITILIZE


Kòmanse avèk:




De
0-5




10 kare
0-5




Pwen nan yon lòd
espesifik
0-5



Kat ki gen nimewo
0-5




Pwen ki gaye
0-5



Wonn
0-5

Defi ki pi difisil



Chwazi plis kat
6-10

VOKABILÈ

Menm

Konbyen?

KESYON

Kisa w remake konsènan kat yo?

Kijan w kapab konnen konbyen pwen ki sou kat la?

KÒMAN POU JWE


1. Chwazi kat yo epi melanje yo.



2. Di: "Fèmen je nou." Pandan je timoun nan fèmen, mete twa kat fas anlè sou tab la.



3. Apresa di: "Mwen ap panse ak yon chif. Kou mwen di w chif la, ouvri je w epi eseye jwenn yon kat ki gen kantite pwen sa a byen rapid. "Ou pare? Èske w kapab jwenn yon 2?"



4. Yon fwa jwè a fin idantifye kat la kòrèkteman, mete twa kat sa yo akote epi di: "OKe, fèmen je w!" Poze twa nouvo kat epi chwazi nouvo chif. "Èske w kapab jwenn yon kat ki gen 3 pwen?"



5. Gade si timoun yo kapab rekonèt chif ki sou fòm pwen yo byen rapid, oswa si yo dwe konte yo.

6. Eseye jwe rapid pou timoun yo fè pratik pou rekonèt kantite yo!

KONSEY POU JWE

- Lè w ap jwe ap plizyè timoun, ou kapab mande yo fèmen je yo youn apre lòt epi pou yo jwenn kat yo, oswa ou kapab jwe tankou konpetisyon lè w mande yo pou yo eseye vin premye moun ki lonje dwèt sou kat ou site a. Si w ap jwe youn apre lòt, ou kapab mande lòt jwè a (yo) pou "verifye" si kat yo idantifye a gen kantite pwen ou te site a toutbonvre.


- Si li difisil pou timoun yo jwenn yon kat ki koresponn, ou kapab modle rezònman w. Pa egzanp, ou kapab di: “**Mwen konte en, de, twa, kat. Mwn jwenn kat. Ki jan w te konte?**”
- Pou fè jwèt sa a pi fasil, poze d kat sèlman. Pou fè jwèt la pi difisil, ajoute plis kat oswa itilize kat ki gen pi gwo kantite pwen yo.
- Pwen ki ranje an fòm sèk epi ki gaye yo pi difisil pou sibitize. Ou kapab itilize kat sa yo nan jwèt ki vin apre yo.
- Lè timoun yo pare pou yon pi gwo defi, yo kapab eseye jwèt **Plis, Mwens, Menm** nan.

KISA TIMOUN YO AP APRANN

- Jwèt sa a pèmèt timoun yo aprann sibitzasyon—sètadi pou yo wè konbyen bagay ki genyen byen rapid. Rechèch yo montre timoun ki fò nan sibitzasyon yo gen tandans pi byen reyisi nan matematik.
- An jeneral timoun yo rekonèt pwen 1–2 san yo pa bezwen konte yo. Men, sibitzasyon gen limit. Pou kantite ki pi gwo yo, nou kapab bezwen gwoupe oswa divize objè yo nan gwoup ki pi piti pou nou sibitize yo. Pa egzanp, an jeneral, pwen 8 twòp pou yo konsidere li kòm 8, men, si nou gwoupe pwen an nan de gwoup 4 ki egal 8, nou kapab konsidere se yon 8 byen rapid.

SIJÈ MATEMATIK

Nimewo: Konte ak Kadinalite



Gade Videyo Jwèt

Gade kòd QR ki nan aplikasyon kamera telefòn entèljan w la oubyen nan lektè kòd QR la pou w gade videyo ki montre koman pou jwe *Èske w Kapab Jwenn*.